दिन–शनिवार दिनांक–24.01.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि अछि जे सरकार युवा लोकनिक लेल रोजगारक नव अवसर सृजित करबाक प्रयास कऽ रहल अछि। प्रधानमंत्री श्री मोदी आइ नव दिल्ली मे वर्चुअल माध्यम सँ अठारहम राष्ट्रीय रोजगार मेला के संबोधित कऽ रहल छलाह। श्री मोदी कहलनि जे भारत कतेको देशक संग व्यापार आ आवागमन समझौत कऽ रहल अछि। जाहि सँ देशक कुशल युवा लोकनिक लेल कतेको अवसर सोझा आबि रहल अछि। रोजगार मेला के अंतर्गत आइ देशभरि के विभिन्न सरकारी विभाग आ संगठन मे भर्ती भेल एकसठि हजार सँ बेसी युवा लोकनि के नियुक्ति पत्र वितरित कयल गेल। एहि अवसर पर पटना आ मुजफ्फरपुर मे आयोजित कार्यक्रम मे नव नियुक्त युवा लोकनि के नियुक्ति पत्र प्रदान कयल गेल। पटनाक ऊर्जा स्टेडियम मे केन्द्रीय मंत्री राजीव रंजन सिंह उर्फ ललन सिंह नियुक्ति पत्र प्रदान कयलनि। ओतहि, मुजफ्फरपुर के झपहां स्थित केन्द्रीय रिजर्व पुलिस बल, कैंप मे केन्द्रीय जलशक्ति राज्य मंत्री राज भूषण चौधरी नियुक्ति पत्र प्रदान कयलनि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार समृद्धि यात्रा के दरमियान आइ वैशाली जिला मे एक सय बावन करोड़ टाकाक लागतिवला एक सय अठाईस विकास परियोजना सभक शिलान्यास आ उद्घाटन कयलनि। मुख्यमंत्री एहि दरमियान चौबन करोड़ टाकाक लागतिवला पचीस योजना सभक शिलान्यास कयलनि ओतहि, श्री कुमार अंठानवे करोड़ टाकाक लगतिवला एक सय तीन योजना सभक उद्घाटन सेहो कयलनि। एहि दरमियान मुख्यमंत्री श्री कुमार लोक सभ के संबोधित कयलनि। कार्यक्रम मे उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा सहित स्थानीय सांसद आ कतेको गणमान्य लोकनि उपस्थित छलाह।

---

केन्द्रीय मंत्री चिराग पासवान कहलनि अछि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के लक्ष्य हरेक हाथ के रोजगारक अवसर उपलब्ध करायब अछि। जम्मू–कश्मीर मे राष्ट्रीय रोजगार मेला मे सम्मिलित भेलाक बाद पत्रकार लोकनि सँ गपशप करैत श्री पासवान कहलनि जे देशक कोनो युवा रोजागर सँ वंचित नहि रहय ई प्रयास कयल जा रहल अछि।

————————————————————

भारत रत्न जननायक कर्पूरी ठाकुर के हुनक एक सय दूअम जयंती पर श्रद्धापूर्वक स्मरण कयल जा रहल अछि। एहि अवसर पर जननायक के पैतृक गाम समस्तीपुरक कर्पूरी ग्राम मे जंयती समारोहक आयोजन कयल गेल। जतऽ मुख्मयंत्री नीतीश कुमार स्वर्गीय कर्पूरी ठाकुर के प्रतिमा पर माल्यार्पण कऽ श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि। ओतहि, जननायक के पुत्र आ केन्द्रीय कृषि एवं किसान कल्याण राज्य मंत्री रामनाथ ठाकुर द्वारा लिखित पुस्तक '**संसद और मैं और मेरा संसदीय स्वर**' के विमोचन सेहो कयलनि। एम्हर पटना के देशरत्न मार्ग मे कला आ संस्कृति विभागक दिस सँ जयंती समारोहक आयोजन कयल गेल। राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी तथा विजय कुमार सिन्हा, विधानसभा अध्यक्ष डॉक्टर प्रेम कुमार, जल संसाधन मंत्री विजय कुमार चौधरी सहित कतेको गणमान्य लोकनि सम्मिलित भऽकऽ जननायक के सहृदय श्रद्धांजलि देलनि।

————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी स्वर्गीय कर्पूरी ठाकुर के भावशिक्त श्रद्धांजलि देलनि अछि। श्री मोदी सोशल मीडिया पोस्ट मे कहलनि अछि जे समाजक शोषित, वंचित आ कमजोर वर्गक उत्थान हुनक राजनीति के केन्द्र रहल अछि।

————————————————————

केन्द्रीय कपड़ा मंत्री गिरिराज सिंह कलहनि अछि जे पछिला दशक मे वस्त्र क्षेत्र मे उल्लेखनीय वृद्धि भेल अछि। नव दिल्ली मे भारतीय अंतर्राष्ट्रीय वस्त्र मेला मे श्री सिंह कहलनि जे दू हजार पचीस मे घरेलू बाजार छओ लाख करोड़ सँ बढ़ि कऽ तेरह लाख करोड़ टाका के भऽ गेल अछि आ कोविडक बाद के अवधि मे निर्यात मे सेहो पचीस प्रतिशत सँ बेसी के वृद्धि भेल अछि।

————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी काल्हि पूर्वाह्न एगारह बजे आकाशवाणी पर मन की बात कार्यक्रम मे देश–विदेशक लोक सभक संग अपन विचार राखताह। ई कार्यक्रमक एक सय तीसम कड़ी होयत। मन की बातक प्रसारण आकाशवाणी आ दूरदर्शन के संपूर्ण नेटवर्क पर कयल जायत। मन की बात कार्यक्रम के आकाशवणी, दूरदर्शन समाचार, प्रधानमंत्री कार्यालय आ सूचना तथा प्रसारण मंत्रालयक यू–ट्यूब चैनल पर सेहो सीधा प्रसारित होयत। एकर तुरंत बाद मैथिली भाषा मे एकर प्रसारण आकाशवाणी के दरभंगा केन्द्र सँ कयल जायत। एहि प्रसारण के दोबारा राति आठ बजे सँ सेहो सुनल जा सकैत अछि।

———————————————————

आइ राष्ट्रीय बालिका दिवस मनाओल जा रहल अछि। आजुक दिन बालिका लोकनिक अधिकार, शिक्षा, स्वास्थ्य, पोषण आ कल्याण के समर्पित अछि। प्रतिवर्ष चौबीस जनवरी के मनाओल जायवला ई दिन लैंगिक भेद–भाव के प्रति जागरूकता बढ़ेबाक आ समान अवसर प्रदान करैत अछि। एहि अवसर पर प्रदेशक विभिन्न क्षेत्र सभ मे कतेको कार्यक्रमक आयोजन कयल गेल। हमर दरभंगा संवाददाता जनौलनि जे राष्ट्रीय बालिका दिवसक अवसर पर दरभंगा समाहरणालय मे बालिका सम्मान कार्यक्रमक आयोजन कयल गेल। समाज कल्याण मंत्री मदन सहनी मुख्य अतिथि के रूप मे कार्यक्रम मे सम्मिलित भेलाह। ओतहि, दोसर दिस अररिया जिलाक जयप्रकाश नगर स्थित बालिका विद्यालय मे रंगोली, पेंटिंग सहित कतेको प्रतियोगिता सभक आयोजन कऽ महिला सशक्तिकरणक संदेश देल गेल।

———————————————————

सुपौल जिला मे सड़क सुरक्षा मासक अंतर्गत आइ जागरूकता रैली निकालल गेल। जिलाधिकारी गांधी मैदान सँ हरियर झंडी देखा कऽ रैली के विदा कयलनि।

मधुबनी जिलाक घोघरडीहा प्रखंडक वीडियो के फोन पर अपशब्द कहबाक आ जान सँ मारबाक धमकी देबाक मामिला मे प्राथमिकी दर्ज कराओल गेल अछि। वीडियो के लिखिल शिकायत पर मामिला दर्ज कयल गेल अछि।

———————————————————

समाप्त